

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis rumpaka kawih sanggian Mang Engkos, pikeun nganalisis struktur jeung semiotic rumpaka panambih sanggian Mang Engkos, lian ti éta pikeun bahan pangajaran rumpaka kawih di SMA. Ieu panalungtikan nyoko kana tiori struktur jeung sémiotik. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun métode deskriptif analitik kalayan téhnik studi pustaka jeung dokuméntasi.

Rumpaka panambih sanggian Mang Engkos nu dianalisis aya tujuh, nyaéta, “Asih Nu Leungit”, “Gerentes Ati”, “Kingkilaban”, “Lebah Bubulak”, “Hanjakal Tepang”, “Nyawang Asih”, jeung “Rumingkang”. Hasil ieu panalungtikan ngahasilkeun sababaraha kacindekan, nyaéta hasil analisis struktur rumpaka panambih sanggian Mang Engkos ngahasilkeun kacindekan yén imaji nu loba nyampak dina ieu rumpaka nyaéta, imaji rasa jeung imaji paningal. Musikalitas atawa wirahma nu nyampak bisa dicindekkeun mélodius, hartina miboga daya musikalitas anu luhung. Suasana nu nyampak lolobana perkara kaasih. Éta bisa katitén dina rumpaka “Asih Nu leungit”, “Rumingkang”, “Gerentes Ati”, “Hanjakal Tepang”, “Kingkilaban”, “Lebah Bubulak”, jeung “Nyawang Asih”. Téma nu nyampak dina ieu rumpaka ogé tangtu ngeunaan kaasih. Gaya basa nu kapaluruh dina ieu rumpaka lolobana gaya basa mijalma (*personifikasi*) jeung ngupamakeun (*simile*).

Sémiotik rumpaka panambih sanggian Mang Engkos ngahasilkeun kacindekan yén tanda nu loba nyampak dina unggal rumpaka nyaéta indéks. Anapon indéks dina unggal rumpaka di antarana “Asih Nu Leungit” sabelas indéks, “Gerentes Ati” opat indéks, “Kingkilaban” lima indéks, “Lebah Bubulak” tujuh indéks, “Hanjakal Tepang” sapuluh indéks, “Nyawang Asih” lima indéks, “Rumingkang” tujuh indéks.

Rumpaka panambih sanggian Mang Engkos nyindekkeun yén teu sakabéh rumpaka cianjuran bisa dijadikeun bahan pangajaran. Rumpaka nu dipaké kudu luyu jeung tujuan pangajaran. Dina ieu hal rumpaka nu luyu jeung bahan

pangajaran nyaéta “Gerentes Ati”, “Lebah Bubulak”, “Kingkilaban”, jeung “Hanjakal Tepang”. Ieu dilantarankeun téma, jeung panjangna rumpaka, tuluy jeung kecap nu nyampak dina ieu rumpaka luyu jeung bahan ajar.

5.2 Rékoméndasi

Tina hasil ieu panalungtikan, aya sababaraha saran atawa rékoméndasi pikeun ngaronjatkeun deui aprésiasi kana karya sastra. Saran atawa rékoméndasi anu ditepikeun nyaéta, pikeun mahasiswa, guru, pamaréntah, jeung masarakat réa. Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah, dipiharep kajian sémiotik kudu jadi tinimbangan pikeun nalungtik karya sastra, saperti dina tembang, kakawihan, jeung carpon, sabab tina éta kajian bisa nyangking tanda-tanda nu bisa dilarapkeun kana kahirupan.

Pamaréntah dipiharep bisa leuwih ngalengkepan deui arsip-arsip jeung dokuméntasi ngeunaan tembang Sunda Cianjuran, hususna di pabukon anu aya di daérah Cianjur, ngarah ngagampangkeun pamaca nyangking pangaweruh ngeunaan tembang Sunda. Guru dipiharep, rumpaka wanda panambih sanggian Mang Engkos bisa jadi alternatif pikeun dijadikeun bahan ajar rumpaka kawih, tangtu teu sakabéh rumpaka bisa dijadikeun bahan ajar, kudu dipilah-pilah deui. Masarakat umum dipiharep ayana aprésiasi jeung wanoh kana tembang Sunda Cianjuran, ku cara ngayakeun acara-acara atawa pasangiri tembang Sunda. Ku kituna masarakat geus ngawanohkeun jeung ngamumulé kana budaya atawa kasenian Sunda.